



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN ISTORIK BIDJÈ ETA NEW YORK  
POU ANE FISKAL 2025**

***Bidjè ekilibre 237 milya dola a pa ogmante taks sou revni oswa tax sou biznis nan tout eta a***

***Gouvènè a te negosye akò lojman istorik pou ogmante kantite lojman yo ofri ak pwoteje lokatè yo***

***Reprime vòl òganize kont komès an detay yo epi ede pwopriyetè biznis yo ogmante sekirite***

***Elaji enfraksyon ki kalifye pou pouswit kòm krim rayisans yo; 35 milyon dola pou pwoteje mezon adorasyon yo***

***Envesti 35.5 milya dola nan Medicaid pou sipòte sistèm swen sante New York la***  
***550 milyon dola chak ane pou sipòte transfòmasyon rezo lopital New York ki bay swen kèlkeswa kapasite ekonomik moun nan***

***Ogmante sèvis swen sante mantal pou jèn yo ak resous pou Nouyòkè ki gen maladi mantal grav yo***

***Ogmante èd pou lekòl soti nan 1.3 milya dola pou apeprè 36 milya dola epi "Tounen nan Baz yo" pou anseye syans lekti***

***Aksyon pou mete fen nan pwopagasyon operasyon kanabis ilegal yo***

***275 milyon dola pou etabli konsòsyòm Empire AI New York la***

***Plis pase 8.7 milya dola pou sistèm transpò piblik, 7.7 milya dola pou enfrastrikti enpòtan, 100 milyon dola pou bouche twou yo***

***Aksyon pou akselere tranzisyon nan enèji pwòp, plante 25 milyon dola pye bwa ak pwoteje dlo pwòp***

## ***Aksyon pou ede manm nan chak kominote devlope ak pwospere, sa gen ladan 36 milyon dola pou sipòte swen pou avòtman***

### ***55 milyon pou fè avanse Eta New York kòm yon lidè nan endistri pwodui letye a***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse investisman istorik ki enkli nan bidjè ane fiskal 2025 la ke Lejislati a te adopte wikenn sa a. Bidjè 237 milya dola a fè envèstisman rekò nan moun New York san yo pa ogmante taks sou revni. Li gen ladann plizyè santèn nouvo inisyativ ki pral ede konbat krim, ranje sistèm sante mantal nou an, ak bati plis lojman pou moun ka gen mwayen pou viv ak pwospere nan New York.

"N ap bay yon ajanda bon sans ki fè New York vin pi an sekirite ak pi bon mache," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te pwomèt pou m goumen pou Nouyòkè yo epi atake pwoblèm difisil yo, e se egzakteman sa nou te fè."

### **Yon Bidjè ki Balanse**

Bidjè ane fiskal 2025 Gouvènè Hochul la fè investisman rekò nan moun New York pandan l ap kenbe responsablite fiskal yo. Tout depans lajan yo se 237 milya dola, k ap grandi nan yon pousan chak ane. Bidjè ane fiskal 2025 la pa ogmante revni oswa taks sou biznis nan tout eta a epi li kenbe rezèv eta a nan estanda lò 15 pousan pou yon "jou lapli".

### **Akò lojman istorik**

Gouvènè Kathy Hochul te fè yon akò istorik nan bidjè ane fiskal 2025 la pou atake kriz lojman New York la nan ogmante rezèv lojman, ankouraje pri abòdab, ranfòse pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay New York, ak konbat patipri ak diskriminasyon nan lojman.

Pogram lojman Gouvènè Hochul la gen ladan:

- Yon plan istorik pou **konstwi plis lojman nan Vil New York**, ki gen ladan etabli nouvo ankourajman taks **485-x** pou konstwi lojman abòdab, pwolonje ankourajman taks **421-a** pou sis ane pou pwojè ki deja nan rezèv la, chanje **limite dansite 12 FAR** ki kreye ankourajman pou **transfòme espas biwo ki pa itilize** pou tounen lojman abòdab.
- Nouvo inisyativ pou **ankouraje kreyasyon lojman nan tout eta a**, ki gen ladan yon nouvo ankourajman taks **421-p** pou konstwi lojman andeyò vil New York, ki mande pou **650 milyon dola** nan finansman diskresyonè ale nan Kominote an Favè Lojman, ki repati **500 milyon dola** pou konstwi jiska 15,000 nouvo kay nan tè eta a, ak ankourajman pou **Inite Abitasyon Siplemanntè (ADU)**.
- **Pwoteksyon istorik pou lokatè yo** ak pwopriyetè kay yo, mezi kont ogmantasyon eksèsif pri pou lokatè yo, pi fò pwoteksyon kont degèpisman, ak nouvo mezi ranfòsman ak prevantif pou pwoteje pwopriyetè kay kont vòl papyè kay, epi ranfòse lwa ki fè konnen moun ki okipe ilegalman yon kay pa lokatè.

- **Plis pase 600 milyon dola** nan finansman kapital pou sipòte lojman nan tout eta a.
- **Konbat diskriminasyon lojman** kont benefisyè bon Seksyon 8 ak founisè lojman abòdab yo.

### Kreye yon New York ki pi an Sekirite

Bidjè a fè gwo investisman ak refòm pou amelyore sekirite piblik, reprime vòl òganize yo, konbat krim rayisman k ap monte, anpeche vyolans ak zam ak vyolans domestik, epi redwi residivis ak amelyore reyentegrasyon moun ki te nan prizon yo atravè Eta New York.

Bidjè ane fiskal 2025 lan gen ladan:

- **347 milyon dola** pou kontinye efò New York pou redui ak anpeche volans ak zam.
- **40.2 milyon dola** pou reprime vòl an detay lè yo ogmante ranfòsman ak ogmante penalite pou delenkan ki atake travayè komès an detay ak yon **kredi taks 3,000 dola** pou pwopriyetè biznis yo investi nan resous sekirite yo.
- **35.8 milyon dola** pou ede ak pouswiv krim vyolans domestik.
- **35 milyon dola** pou konbat ogmantasyon rayisans nan elaji kantite enfraksyon yo ke yo pouswiv kòm krim rayisans ak investi nan Sibvansyon Pwoteje Kominote yo Kont Rayisans pou pwoteje espas adorasyon, lekòl relijye yo ak lòt sit ki riske.
- **7.1 milyon dola** pou redwi residivis ak amelyore reyentegrasyon nan mendèv la nan bay plis sipèvizyon entansif pou moun ki an libète kondisyonèl, elaji opòtinite lojman tranzisyonèl, elaji pwogram inivèsite nan tout prizon eta yo, epi bay transpò pou vizitè yo ale ak soti nan Etablisman Koreksyonèl Eta a.

### Amelyore Swen Saante pou tout Nouyòkè yo

Bidjè ane fiskal 2025 Gouvènè Hochul la prevwa finansman rekò pou kenbe Nouyòkè yo an sante, pandan l ap mete pwogram Medicaid la sou baz fiskal dirab alontèm. Yon investisman istorik 37 milya dola nan Medicaid kenbe angajman Eta a pou sipòte swen sante ki bay tout moun swen ak transfòme sistèm livrezon swen sante a, pandan y ap fè investisman odasye pou ogmante aksè a sèvis yo ak sipòte mendèv la. Bidjè a gen ladan sipò pou amannman Medicaid 1115 Waiver Eta a ki fèk apwouve, ki investi 7.5 milya dola nan finansman federal ak eta a pou ankouraje ekite sante atravè Eta a.

Bidjè ane fiskal 2025 la fè avanse tou priyorite Gouvènè a pou amelyore rezilta swen sante matènèl ak tibebe. New York pral vin premye eta nan nasyon an ki elaji aksè a swen prenatal pou fanm ansent lè li akòde jiska 20 èdtan konje pou anplwaye ki elijib pou yo ale nan randevou, san yo pa afekte douz semèn konje fanmi peye ki egziste deja.

Bidjè ane fiskal 2025 la gen ladann tou nouvo lejisasyon odasye pou pwoteje Nouyòkè ki gen ti revni yo kont pwozè pou dèt medikal lè li entèdi lopital yo pouswiv devan lajistis pasyan k ap touche mwens pase 400 pousan Nivo Povrete Federal oswa 120,000 dola

pou yon fanmi ki gen kat moun. Lejislasyon an ap elaji pwogram asistans finansyè lopital yo pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, limite kantite peman mansyèl yo ak enterè yo peye pou dèt medikal yo epi aplike lòt pwoteksyon pou amelyore aksè ak asistans finansyè epi bese efè negatif dèt medikal yo sou Nouyòkè yo.

Bidjè ane fiskal 2025 la fè avanse priyorite swen sante enpòtan yo ki gen ladan:

- **3.2 milya dola** pou sipòte lopital ki gen difikilte nan tout Eta New York, enkli 550 milyon dola chak ane pou sipòte transfòmasyon lopital New York ki bay swen kèlkeswa kapasite ekonomik moun lan atravè yon inisyativ Bidjè Global Medicaid ki sipòte pa 1115 Waiver.
- **825 milyon dola** nan ogmantasyon ranbousman tanporè pou lopital, mezon retrèt, ak pwogram asistans pou viv, anplis de ogmantasyon konsiderab sou de bidjè anvan yo.
- **315 milyon dola** pou bay sibvansyon pou asirans sante pou moun ki gen revni mwayen ki enskri nan Plan Sante ki Kalifye yo.
- **300 milya dola** ak fleksibilite règlemantè pou sipòte yon nouvo pwogram transfòmasyon sistèm swen sante ki bay tout moun swen kèlkeswa kapasite ekonomik.
- **200 milyon dola** nan ekonomi Medicaid grasa sipèvizyon ak efikasite amelyore nan Pwogram Asistans Pèsonèl Konsomatè Dirije (CDPAP).
- **148 milyon dola** pou ogmante to pou swen prensipal yo bay atravè modèl inovatè Sant Medikal New York ki Santre sou Pasyan.
- **116 milyon dola** nan finansman adisyonèl pou divès pwogram pou Granmoun Aje ak Sante Piblik, ki gen ladan 27 milyon dola pou pwogram nitrisyon DOH ak 10 milyon dola ki dedye a SOFA pou finanse lòt sèvis ki gen bezwen yo ki pa satisfè.
- **19.5 milyon dola** nan finansman pou sipòte yon ogmantasyon pousantaj 5 pousan pou sèvis an pèsòn nan Pwogram Entèkansyon Bonè, ansanm ak yon chanjman pousantaj 4 pousan pou zòn riral yo ak kominote defavorize yo.
- Bidjè adopte a otorize Eta a angaje ak gouvènman federal la pou devlope fason pou maksimize revni swen sante ki disponib pou sipòte pwogram Medicaid la, ki gen ladan yon taks sou **Òganizasyon Swen Jere yo**.

### Konbat Kriz Sante Mantal la

Pandan twò lontan, sistèm swen sante mantal New York la te soufri mank nan swen. Menm jan an tou, pandemi COVID-19 la kite yon enpak dirab sou anpil Nouyòkè, agrave defi sante mantal epi mete aksan sou bezwen pou nivo swen apwopriye nan tout eta a.

Pou adrese bezwen sante mantal Nouyòkè ki pa satisfè yo ak baze sou plan sante mantal 1 milya dola ak sou plizyè ane Gouvènè Hochul la, investisman bidjè ane fiskal 2025 lan gen ladan:

- **84 milyon dola** pou ogmante ranbousman pou sèvis yo bay nan sèten sit k ap trete pwoblèm sante mantal.

- **55 milyon dola** pou etabli 200 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan tout eta a, ki gen ladan twa lòt Inite Tranzisyon nan Kay (THU) ki gen 25 kabann.
- **90 milyon dola** nan finansman règleman opyoyid pou kontinye dirije peyi a nan debousman lajan yo resevwa nan akò règleman avèk fabrikan opyoyid ak konpayi famasetik.
- **33 milyon dola** pou amelyore angajman moun ki gen pwoblèm sante mantal yo epi ki enplike nan sistèm jistis kriminèl la.
- **20 milyon dola** pou satelit klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, ki fè li pi fasil pou elèv yo ak fanmi yo jwenn aksè nan sèvis klinik yo.
- **19 milyon dola** pou bay jèn yo swen enpòtan ki pa nan anviwònman lekòl yo, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote a ak nan anviwònman rezidansyèl yo.
- **2 milyon dola** pou ogmante sipò sante mantal pou premye entèvenan yo ki gen ladan efò prevansyon swisid yo.

### Sipòte Elèv ak Lekòl yo

Tout elèv New York yo merite aksè a yon bon jan kalite edikasyon, soti nan klas matènèl rive nan inivèsite. Gouvènè Hochul ak Lejislati a te priyorize finansman lekòl la nan bidjè ane fiskal 2025 la pandan y ap toujou mete Eta New York sou wout pou jwenn yon fòmil pou finansman lekòl ki pi ekitab. Gouvènè Hochul te siyen tou [lejislasyon 'Tounen nan Baz' yo](#) (Back to Basics) pou asire lekòl New York yo itilize ansèyman lekti ki baze sou prèv. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te jwenn dispozisyon nan bidjè ane fiskal 2025 la pou rann inivèsite yo pi abòdab pou elèv New York yo epi elaji chemen ki mennen nan edikasyon siperyè.

Priyorite edikasyon Gouvènè Hochul garanti nan bidjè ane fiskal 2025 la gen ladan tou:

- **36 milya dola** nan èd pou lekòl total, ki gen ladan **24.9 milyon dola** nan èd fondasyon
- **1.29 milya dola** pou pwojè kapital SUNY ak CUNY yo.
- **409 milya dola** pou operasyon SUNY ak CUNY yo.
- **Ogmante prim minimòm** pou Pwogram Asistans ak Frè Lekòl (TAP) soti 500 dola rive 1,000 dola epi ogmante limit revni elèv yo pou kalifikasyon TAP.
- Yon etid Rockefeller Institute **pou egzamine èd fondasyon** ak prepare pou chanje fòmil ane k ap vini an.
- Yon **ekstansyon kontwòl majistra** a sou lekòl piblik Vil New York yo pandan de ane.

### Fèmen operasyon kanabis ilegal yo epi pwoteje mache legal la

Gouvènè Hochul te pwomèt pou l mete fen nan pwopagasyon operasyon ilegal kanabis, epi bidjè ane fiskal 2025 la gen ladann refòm ki pèmèt Biwo Jesyon Kanabis ak lokalite yo fè sa.

Plan global la gen ladan l:

- Otorize OCM ak lokalite yo pou yo **fèmen magazen ilegal yo** imedyatman apre yon enspeksyon si yo ap vann kanabis ilegal epi yo reprezante yon menas iminan pou sante ak sekirite.
- **Fè represyon sou pwopriyete** ki fèmen je sou aktivite ilegal ki anba pouvwa yo.
- **Lanse yon gwoup travay nan tout eta a** pou fè aplikasyon lwa sivil pou fèmen magazen ilegal yo.
- **Elaji otorite lokal** pou pèmèt vil ak konte yo adopte lwa ki gen rapò ak reglemante biznis kanabis ki pa gen lisans.
- Bay Vil New York **pouvwa aplikasyon imedya** pou enspekte, bay vyolasyon, epi sezi magazen kanabis ak fèmen yo.

### Investisman Istorik pou Ankouraje Inovasyon nan Eta New York

Gouvènè Hochul te jwenn finansman tou pou konstwi yon ekonomi 21yèm syèk nan Eta New York epi ankouraje inovasyon nan sektè kle yo k ap grandi rapid. Bidjè a fè investisman pou ranfòse sektè biznis New York la, prepare travayè yo pou travay ak karyè demen yo, epi kreye kominote dinamik ki plen vitalite ekonomik, tankou:

- **500 milyon dola** nan finansman kapital pou Konplèks NanoTech Albany NYCREATES la pou lanse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch sou pis pwochen jenerasyon nan New York.
- Investisman **275 milyon dola** sou 10 ane pou sipòte Empire AI, yon konsòsyòm inik pou garanti plas New York nan avangad rechèch entelijans atifisyèl.
- **200 milyon dola** pou kat sant devlopman mendèv ON-RAMP nan nò Eta New York pou fòme travayè yo pou travay lavni nan fabrikasyon avanse ak lòt endistri k ap grandi.
- **100 milyon dola** pou finanse yon lòt faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la.
- **100 milyon dola** pou finanse yon lòt faz NY Forward.
- **100 milyon dola** pou finanse yon lòt faz FAST NY.
- **50 milyon dola** pou finanse yon lòt faz Restore NY.
- **80 milyon dola** nan finansman kapital pou Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la pou sipòte sektè atistik ak kiltirèl New York la.
- **30 milyon dola** nan soulajman taks pou sipòte travay nan journal ak difizyon nan radyo.

### Modènize Enfrastrikti ak Investi nan Transpò Piblik nan New York Santral

Gouvènè Hochul te fè investisman enpòtan nan enfrastrikti ak transpò piblik atravè eta a, tankou nan etabli rekò 33 milya dola Plan Kapital Depatman Transpò pou senkan epi sove MTA nan falèz fiskal la. Soti nan rekonekte kominote yo ki divize pa otowout yo rive nan agrandi sèvis tren ak bouche twou nan tout eta a, investisman sa yo te fè New York pi konekte, aksesib ak pi an sekirite pou tout moun.

Baze sou rekò siksè sa a, bidjè ane fiskal 2025 lan gen ladan:

- Plis pase **8.7 milya dola** nan sipò pou fonksyonman transpò piblik nan tout eta a, ki enkli 884 milyon dola sipò fonksyonman pou sistèm transpò piblik ki pa MTA yo.

- Apeprè **7.7 milya dola** pou twazyèm ane nan yon Plan imobilizasyon Kapital DOT **33 milya dola** rekò, sou senk an, pou amelyore otowout, pon, ray tren, enfrastrikti avyasyon, transpò ki pa MTA, ak enstalasyon DOT yo ki genyen ladan l **1.3 milya dola** pou wout ak pon lokal yo.
- Sa enkli yon **598 milyon dola** pou Pwogram Amelyorasyon Ri ak Otowout Lokal Konsolide (Consolidated Local Street and Highway Improvement Program, CHIPS) ak **140 milyon dola** pou itinerè touristik eta yo ak **100 milyon dola** pou pwogram bouche twou Gouvènè Hochul la.
- Nouvo pouvwa pou **ranfòse evazyon peyaj ak pri tikè** yo nan fason ekitab nan eta a, epi ogmante pwoteksyon pou pasaje limouzin yo.
- Adopte **Lwa Sammy**, ki pèmèt Vil New York diminye vitès limit li a 32 km (20 mil) pa èdtan.

### Konbat Chanjman Klimatik epi Ankouraje Rezistans

Bidjè Egzekitif la gen ladan pwopozisyon ki pral akselere tranzisyon New York nan enèji pwòp, plant 25 milyon pyebwa ak pwoteje dlo pwòp. Lwa sou Aksyon Renouvlab Atravè Pwojè Entèkoneksyon ak Deplwaman (Renewable Action Through Project Interconnection and Deployment, RAPID) pral kreye gichè inik pou revizyon anviwònmantral la ak pèmision transmision elektrik ak amelyorasyon pwosesis entèkoneksyon an.

Inisyativ anviwònmantral nan bidjè ane fiskal 2025 lan gen ladan:

- **500 milyon dola** pou dlo pwòp ak **400 milyon dola** pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantral (Environmental Protection Fund, EPF).
- **200 milyon dola** pou Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) ak yon lòt **100 milyon dola** nan finansman pou selebrasyon santènè Pak Eta New York (New York State Parks).
- **150 milyon dola** ki envesti nan NY SWIMS pou abòde dezinvestisman nan enstalasyon natasyon ak sovtaaj nan kominote defavorize yo.
- **40 milyon dola** pou kreye Pwogram Rezistan ak Pare (Resilient & Ready) ak **15 milyon dola** pou ekipe lokalite yo ak zouti pou reziste kont inondasyon ak kenbe limyè yo limen pandan tanpèt yo.
- **15 milyon dola** pou plante plis pase 25 milyon pye bwa nan New York disi 2033.

### Ede Manm Chak Kominote Devlope ak Pwospere

Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon seri aksyon pou ede Nouyòkè ki soti nan tout kominote yo devlope ak pwospere nan kad bidjè ane fiskal 2025 lan. Aksyon sa yo enkli jwenn finansman pou elaji aksè nan avòtman, rekonèt bezwen veteran militè yo, sipòte Premye Nasyon yo, epi envesti nan Nouyòkè TGNCNB yo.

Aksyon yo genyen ladan yo:

- Envesti 36 milyon dola pou sipòte founisè avòtman yo epi sipòte swen avòtman nan New York
- Elaji aksè ak fanm ki bay sipò nan akouchman (doula).

- Ranfòse swen sante mantal ak sèvis sipò pou veteran yo.
- Elaji aksè nan swen dantè pou Premye Nasyon yo (endijèn).
- Ogmante envestisman eta a nan fon Lorena Borjas, ki bay resous ak opòtinite pou Nouyòkè TGNCNB yo.

### Sipòte Endistri Agrikòl New York

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul a, envestisman nan priyorite agrikòl Eta New York ak kiltivatè yo te ogmante a 60 pousan depi 2022. Bidjè ane fiskal 2025 lan ap baze sou pwogrè Gouvènè a nan:

- Investi **55 milyon dola** pou fè avanse Eta New York kòm lidè nan endistri pwodui letye a.
- Bay **50 milyon dola** pou Nourish NY pou ede fanmi yo jwenn aksè nan manje fre ak sipòte kiltivatè lokal yo.
- Sipòte restoran ak ba nan **elaji lavant bwason alkolik a anpòte** pou senk lòt ane.
- Investi plis pase **60 milyon dola** nan asistans lokal pou sipòte kiltivatè ak pwodiktè yo.
- Bay **19.5 milyon dola** pou elaji Sant Dyagnostik Sante Animal Eta New York nan Cornell University.
- Bay plis pase **15 milyon dola** pou grandi byo-ekonomi Eta New York ak sipòte lòt inisyativ agrikòl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)